# КУБЛА АРАЛ БОЙЫ МӘДЕНИЙ МИЙРАСЛАРЫ ҲӘМ ДАСТИЯРЛЫ ОБЪЕКТЛЕР

**Азамат Наурызбаев**
*Навоий давлат пединститути тарийх факультети талабаси*

**Айнура Турсынбаева**
*Коракалпок давлат университети тарийх факультети талабаси*

Өзбекистанның арқа-батыс аймағындағы мухаддес қәдем жайлар ҳәм сакраль геообъектлерди анықлаў илимий баҳалаў, туризм тараўында пайдаланыў аҳмийетли мәселелердиң бири болып табылады.,

Жаҳан шыгыстаныўшы- алымлар ҳәм саяхатшы-қанийгелер Каракалпақстанның материаллық мәдений мийраслары ҳәм матераллық емес мәдениятына қызыгыүшылығы атпақта. Соның бири- Кубла Арал бойы археологиясы ҳәм қарақалпаклардың материаллық мәдений мийраслары-мухаддес қәдем жайлары, сакраль археологиялық объекти нәзерде болмақта.

Елимизде мәнаўият тараўында ,социаллық стратегияда,орынлардағы тарийхый мухадес қәдем жайлар ҳәм зияратгоҳлар орынларды уйрениў ҳәм оларды абаданластырыў бойынша мәмлекетлик режелер, ҳәрекеттеги стратегиясы бағдарында нәтийжели ҳәм әмелий жумыслар исленбекте. Арал дияры , қублашығыс Устюрт ҳәм төменги Амиўдарья фронтириндеги экологиялык археологиялық объектлерди аныклаў,илимий баҳалаў ҳәм тарийхтаныўдағы аҳмийетли мәселе болып табылады. .

Каракалпақстан аймағындағы мухаддес қәдем жайлар ҳәм зияратгох орынларды анықлаў ҳәм угит –насиятлаўда дәслепки, илимий итибар, Озбекстан қаҳарманы, археолог Г.Хожаниязов ҳәм тарийхшы О.Ж.Юсупов тәрепинен алып барылды .

Кубла Арал бойы «төменги» Амиўдарья алабында- дастиярлы, сакраль объект- Мойнақ районы аймағында ҳәзирги «Хәким ата» АПЖ елатында, « Хәким ата» әўлийешилигинде, «Хәким ата» қәбири, махбарасы жайласқан. Каракалпак мәмлекетлик университети археологлары, доцент Ж.Хакимниязов басшылыында – «Хәким-ата» комплесинде археологиялык қазыў нәтийжесинде XII-XIV әсирлерге тийисли объектлер- мешит, уй-жай орынларын аныклады.

Сулайман Бақырғаний- Хаким-ата- тарийхый ағартыўшылык нәзеринде. --Карақалпақстан Республикасы аймағындағы орта әсирдеги Арал бойы этнослардың улкен данышпаны ҳәм пир-уламасы, ҳәзирети шайхым- ул-ислами. Хәким ата - Сулайман Бақырғаный мийраслары ҳәм қәбири-зияратгоҳи бир неше асирлерден бери қәстерленип, миллий мийрас, мәнаўий байлық болып келмекте. Уллы улама ҳәм пиримиз, халқымыздың ураны болған -Хәким ата махбарасын жаңадан абаданластырыў иске асты. Каракалпақстан елинде Амиўдарья дельтасында тармақларында ,он жетинши әсирлерден баслап ,ел-журт суў ҳәм « кән»ли мәдений ланшафтлар да отырыршы турмыс кеширген, ҳәр бир микро+этнослардың сакраль әўлешилиги қәлиплескен, бирақ, улкемиздеги мусылманлар кәбирстанлардың этно+тарийхый географиясы, ата-бабаларымыздың мухаддес орынлары саны, қайсы жерлерде дастиярлы естелик бары, кийели « оба» екени анық емес, ҳәзирги мәлими торт жузден аслам мәдений мийрас объект анықланған, «умыт қалғаны» баршылық?!

XVII—X1X әсирлерге тийисли арқадағы мухаддес жайлардың бири- «Кабақлы ата» - сакраль тарийхый-геообъект.

Тарийхый гурриң, социаллық яднамалар ға сүйенип айтқанда- «Қабаклы » обалар дың пайда болыўы- ата-бабаларымыздың улкен топары- Шығыс Арал бойы «төменги» Сырдарья фронтиринен- экология ҳәм жаўгершилик ақыбетинен – Куўан дарья , Ақша дарья ҳәм Жаңа дарья, Көк дарья аралығына, айрым этнослар теңиз бойы қоңырат улусы,муйтенлер/ Кабақлы- сакраль гео+объектке, «Көк теңиз» жагасына қоныс басқан… Кабак-тарийхый антро+топонимика...Кабак-этно+топонимика.

Қабаклы –атамадығы «обалар » комплексинде – қаракалпак бийлери,аталықлары,данышпан уламалары жерленген. Карақалпак этно+толғаулар пири- Жийен жырыў , Отеш шайыр, Хурлиман-Кыз бақсы кәбирлери жайласқан. Келешекте –«Кабак»лы атадағы сакраль , дастиярлы объектлерди комплексли анықлаўмыз керек…

Шымбай районындағы сакраль гео+объект- « Кара кум» ийшан. Кутлы хожа-ийшан- мәдений ланшафтағы он тоғызыншы асирлерде пайда болған қарақалпак микро+этносларының «обалары», кәбирстанындағы даслеп – «өзлик»- диний улама-пирлер ийшан-ахунлар жерленген, олардың «суфы»лары болған пухаралар, ел-журтқа танымалы –арбаплар- данышпанлар, мәселен , Жийемурат: Кунхожа кәбири ҳәм Бердимурат Бердақтың кәбири-махбарасы жайласқан. «Казақ»-дарьяның оң тарепи, «Кутлы хожа» ийшан- тарийхый макан дағы-

мәнаўиятлы бабаларымыздың «Оба»ларын « қайта жерлеў» бойынша жергиликли ҳәкимшилик қарары менен ,жаңа орынға көширилди. Арқа автомагистраль жол бойында , Шымбай қаласында, жаңа орында мәнаўиятлы бабаларымыздың Акымбет баксы, Кун хожа, Бердақтиң махбаралары орнатылды. сол жерде « мәнаўият бағы» курылды, жаслар ҳәм нуранийлер ушын «ишки зиярат» туризмине қолай шариятлар жаратылды.

Сарай тарийхшылары: Шер Мухаммед Мунистиң ҳәм Мухаммед Ризо Огахий диң « Фирдавс-ул- икбол» атлы мийрасында Арал диярындағы орта әсирлер ҳәм жаңа дәўирлердеги жасап өткен Улкен уламалар, пирлер .данышпанлар ҳәм ахун—хожалар ,ахун-ийщанлар ҳәм қазы-ийшанлар ҳаққында,олардың мухаддес қадем жайлары ҳәм зияратгохлары,кийели орны корсетилген. Олардан бурын, Абулғазы –хорезмшах ҳәм тарийхшы арқа диярдағы «Маздакхан», « Туғқала» ҳәм « Хаким ата» мийрас орынларды еслеп жазғаны белгили. Арал бойы Амиўдарьяның алабындагы қарақалпақлардың улкен уламасы- ,пири ҳәм ураны болган ҳәзирети шайық Сулайман Бақырғаний-Хаким ата мазары барын, сол кийели зияратгоҳты ең дәслеп- ҳәзирети Сайид Ахмед Сайд ата барып ,уллы пирине хызмет еткен, сон сол жерге оның аўладлары ғамхорлық қылған. / 9./.

Жаңа дәўир. Арал бойы Амиўдәрьяның шеп ( батыс) тәрепинде .Хожели- «Маздахкан» аймагында Хазирети Сайид Пирим хожа-ийшан,Сайид Турсын хожа-ийшан, Сайид Гедай хожа-ийшанлар отырықшы халықтың диний--ағартыўшысы.,мәнаўияты,мусылманшылық ҳуқықлары бойынша хызмет еткен ахун-ийшанлар ҳәм ҳажы-ийшанлар ,зиялылары болды. Россиялы саяхатшы, художник ҳәм жазыўшы Н.Каразин « Амиўдәрья бойындағы Венеция» картинасында (1874 жыл) «Суўенли» арна бойындағы Пирим хожа- ийшан кәбири қасында курылған медресе ҳәм махбараны итибарға алып .суўретин соққан еди. ( - « НИВА» СбП. 1886, № 6.) .

Мунис мийрасында Хожели аймағында «Маздакан»да жайласқан Шамун пайғамбар махбарасы зияратгоҳ орын екени айтылған. Сол жердеги «Мазлум супы» ханоҳоги дәриўишлер-порханлар мәсканы.зикир салыў орны болған.

Амиўдәрьяның оң ( шығыс ) тәрепинде, « Туғ таў » аймағында ҳәзирети шайық Аллаберди әзийзлер хожа-ахун ата жасап өткен.Оның караматы,көзи ашықлығы , тилек ҳәм дуўасы ел-журт ишинде апсана болған екен. Ол инсан-улама-пир «Кызыр» яки –«Кәдир» ата образы/ сулдер/де Кайыпназар бийдиң келиншегине « ақ патия» берген,соннан, Кыдыр ата дуўасы қабыл болып,

«Имаматдиийн» исмли перзент туўылған екен. Бул халық әпсанасы болсада,жаксы нийет, жаксы тилек .жақсы дуўа -сөзлер жас шыңырық ушын керек екенин улги,суйениш ҳәм таяныш етип көрсетеди.

Жана дәўирдеги Жаңа дәрья,Куўан дәрья, Көк дәрья , Көк өзек ҳәм Ақ жағыс бойларында қарақалпақлардың мәкан жайлары ҳәм қорған-қалалары, мухаддес қәдем жайлары ҳәм зияратгоҳлары жуда көп болған. Жаңа дәрья алабында Молла Шамсутдийн ибн Фахратдийн Ал- Хорезмий халыққа мусылманшылықтың шариятларын угитлеген, мешит-медреседе жас моллаларды оқытқан. Ол « Ийзах-ал-қалуб» атамада теологиялық мийрас жазған еди. ( - «АРАЛ» .1992.№3 саны).

Арал бойы, «Теңиз ели»ниң диний ҳәзирети, әўлийеси, шайық -Мурат хожа, сан-ахун, әзийиз ата, кексе-тархан- бабасы, « төменги» қаракалпаклардың мәртебели әўлийеси болған. Ол қайтыс болғанда ,мархумийди « ақ туўеге» жуклеп, ол қайсы жерге шөккен жерге «Оба» қурып, басына махбара қурған екен.

Тарийхшы Мунис мийрасында ҳәзирети шайық Мурат хожанын кәбирине хан зиярат қылғаны жазылған. «Ақ жағыс» елаттан бир фарсақ жерде Молла Имаматдийн Мухаммед ийшаннын мәсканы,мәнаўий ,ислам тәлим-тарбия орны барын, Хийўалы Сарай кәтиби-Мухаммед Риза ахун ибн Мухаммед Кәрим деван тәрепинен көрсетилген еди. Жаңа дәўирде , бурын өткен ҳәр заманда қарақалпақ елинде ийшанлар ҳәм ахунлардың жәмийетлик-социаллық турмыста орны ҳәм роли жоқары ,мәртебели болған.

Соңғы орта әсирлер ҳәм ерте жаңа дәўирлерде арқа диярда –«Даўқара» теңизи, « Тукра»теңиз-көли,арқа «қызыл қум» етегинде қарақалпақлар этногеографиялық бөлшекленип, шашаў-шашаў болып жасаған еди. Шығыс Арал бойы Сырдәрья-Куўандәрья-Жаңа дәрья- «Ақ жағыс»-Көк дәрья-Көк өзек бойларында, Кусхана таў, Порлы таў, Кыран таў микроаймақларында «Коңырат» улусы , « он торт руў» ҳәм « жети руў»лардың микроэтнослары шарўашылық , балықшылық , дийханшылық ҳәм өнерментшилик хожалық мәдениятын қәлиплестирген еди.

Жаңа дәрья менен Куўан дәрья аралығындағы ел-журт басқарған бий-батырлар: Маңғытлы Орынбай бий,аталық ,Ақ маңғытлы Маман бий, улкен ақсақал, Коңыратлы Султан бий аўлады- Айдос бий,Аға баба, Ашамайлы-ушбас Есенгелди бий,меҳрем ,ел-журттың таянышы ,суйениши болған. Сейфулғабит Абди+мәжит улының кексе кариялардан еситкен тарийхый яднамасында : « Есенгелди-мехремлик жыллары, Айдос бий-ҳакимлик дәўирде –ел-журт тыныш,параўан ҳәм абад жасаған » / С. Мәжитов « таңламалы шығармалары»

Нөкис.1965., Наўрыз Жапаков «шығармалары» том-2.» -Нокис.1980. / . Жаңадарья бойы ел-журт қорғаўшылары- Ер Нуртай,Тайлақ баҳадур, Төлеген баҳадур-жузбасылар өзлер басқарған аймақларында қала-қорғанлар қурып, мусылманшылық әдептаныўда орынлап, мешит-мектеп, мешит-медресе қурған еди. Халық балаларына саўат ашыў,тәлим-тәрбия.билим сырларын уйретиўге Хорезмде ҳәм Бухара қаласында жоқары тәлим, медресени питкерген улама-зиялыдарға улкен ҳурмет көрсетип,мәнаўиятқа ҳәм диний-ағартыўшылық тарбияға кең ҳәм көп итибар берген еди.

Каңлы Төлеген батыр, бий- өз заманын да ҳәзирети Имам ийшанды –« Кыран» таўға көширип әкелген, ал, оның аўладлары, «Куўаныш» жарма бойында «Кум өзек» елатында, «Ийшан кала» қурып сол аймақта ири мәдений, халық билимлендириў, дини- ағартыў Орайына басшылык етти. Кеңес ҳукимети ҳәм болшевиклер экспанциясы болды, оларға қарсы арқадағы « он еки болыс » тан жыйналған нөкерлер урыс қылды, соның ақыбетинен « Ийшан қала» Совет дәўиринде болшевиклер партиясы көрсетпеси менен агро+хожалық орын,ақ қойлар- шошқа бағыў қорасы, « қудайсызлар» уйымы , қызыл-ағартыўшылар орны болған .

Жуўмақлап айтқанда Амиўдәрьяның арқа бағдардағы тармағы « Куўаныш жарма» бойындағы кийели жер - «Кум өзек»ли «Ийшанлар қаласы» өтмиши толық изертлениўи зәрурли. Бугинги кунде, пайтахтымыз-Нокис қаласы аймағындағы сакраль геооъбектлер жаңадан уйренилиўи керек.

**Пайдаланған дереклер ҳәм әдебиятлар**

1. Мунис ва Огохий « Фирдавс ул- икбол». - Тошкент .2010.
2. Баений « Шажирай –и- Хоразм шоҳий»,- ИВ АН РУзб. № 9596.
3. Юсупов О. Ийшан қала // Вестник КК филиала АН РУзб. Нукус,1984 № 4. Документы по истории и этнографии каракалпаков М. 1986.
4. Хожаниязов Ғ., Юсупов О. Мурат шайх ҳәм оның махбарасы ҳаққында //Әмўдәрья, №5 1990.
5. Хожаниязов Ғ., Юсупов О. Қаракалпакстандағы мухаддес жайлар. Нокис,1994.
6. Карлыбаев М. Медресе в Каракалпакии. - Нукус, 2002.,
7. Хәким ата-Сулайман Бакырганийдиң 900 жыллығына багышланған халық-аралык илимий – әмелий конференция материаллары топламы. 29-30- сентябрь 2022 жыл. -Б. 92-93.
8. Юсупов О., Наурызбаев А. Орол бўйининг сакраль гео+объектлари ва мухаддас жойлари: ҳазирати шайх-ул шайх Сулайман Бакирганий-Хаким ата хакида./ 92-93бет/.

9. Мамбеткаримова А. Наурызбаев А. Сайман ийшан—Камал-ат-дийн ийшан улы кәбирстаны–мухаддес зиярат орны //Қарақалпақстан да репрессия дәўири тарийхының уйренилиўи, жетискенликлери ҳәм машкалалар атамасындағы Республикалық илимий-амелий конференция материаллары. -Нокис. 2023. -Б.232- 234.
10. Турганов Б.К. Об элементах религии тенгрианства в средневековых памятниках Южного Приаралья // Материалы VII Международной научно-практической конференции «Тенгрианство и эпическое наследие народов Евразии: истоки и современность». -ISBN 978-601-301-997-0. -Бешкек. 2019. -С.270-275.
11. Турганов Б.К., Ерманов А., Абдукаримов Х. Общие тенденции развития ремесленного производства в раннесредневековые Хорезма // Международный научный журнал «Символ науки». ISSN 2410-700X № 3 / 2021. -С.47-53.
12. Турганов Б.К., Алламбергенов С. Роль металлических предметов в изучении средневековых культурно-экономических связей Хорезма // Международный научный журнал «Символ науки». ISSN 2410-700X №5 / 2021. -С.48-54.